



Septanm 2024

ChèManm Pwomosyon 2026 (Elèv k ap antre nan klas Onzyèm Ane yo) ak  
Paran/Responsab elèv Pwomosyon 2026 yo:

Elèv onzyèm ane sa a se premye klas k ap gradye ki dwe satisfè nouvo estanda pou pase egzamen MCAS pou Kalifikasyon Konpetans (CD) nan lang ak literati angle (ELA), matematik, ak syans segondè. Mwen espere lèt sa a va ede klarifye egzijans pou gradyasyon ki aplike pou klas pitit ou a.

Nan reyinyon espesyal Komisyon Konsèy Edikasyon Elemantè ak Segondè 15 Out 2022, Konsèy la te vote pou mete ajou egzijans CD a kòmanse ak klas 2026 la. Nouvo estanda a etabli nòt minimòm pou pase nan ELA, matematik, ak syans lekòl segondè pou diplome nan lekòl segondè yo. Elèv ki nan pwomosyon 2026-2030 yo dwe satisfè kondisyon sa yo pou yo ka jwenn diplòm lekòl segondè (anplis yo dwe satisfè tout egzijans gradyasyon nan nivo lokal):

- fè yon nòt echèl 486 oswa pi wo sou tès oswa repriz tès ELA ak matematik; **oswa**
- fè yon nòt 470–485 nan egzamen ELA ak matematik oswa repriz tès yo epi ranpli kondisyon yon Plan Konpetans Edikatif (Educational Proficiency Plan, EPP) nan matyè sa a ([www.doe.mass.edu/assessment/epp](http://www.doe.mass.edu/assessment/epp)). Chak EPP ap gen ladan l yon revizyon sou fòs ak feblès pitit ou a, kou yo dwe pran epi konplete nan klas 11yèm ak 12yèm ane, ak yon deskripsyon evalyasyon lekòl la pral administre pou detèmine si pitit ou a ap avanse pou l vin gen konpetans; **epi**
- fè yon nòt 470 oswa pi wo nan tès syans lekòl segondè nan biyoloji oswa entwodiksyon nan fizik.

Si pitit ou a pa satisfè egzijans gradyasyon MCAS la nan youn oswa plizyè matyè, yo ka repran tès la (plizyè fwa, si sa nesèsè) pou satisfè kondisyon an. Premye opòtinite pou re-teste nan chak matyè pwograme konsa:

- ELA: 6–7 novanm 2024
- Matematik 12–13 novanm 2024
- Syans 4–5 fevriye 2025

Pou elèv ki pa satisfè egzijans nan ELA, matematik, oswa syans, Pwosesis Kontestasyon pou Pèfòmans MCAS (Performance Appeals Process) la bay yon lòt fason pou elèv yo demontre ke yo posede konesans ak konpetans ki nesèsè pou satisfè oswa depase estanda CD eta a. Gen plis enfòmasyon, enkli kondisyon elijiblite yo, ki disponib nan

[www.doe.mass.edu/mcasappeals](http://www.doe.mass.edu/mcasappeals), oswa ou ka kontakte direktè lekòl segondè a oswa biwo oryantasyon an.

Nòt MCAS pitit ou a kapab fè yo jwenn tou yon kredi ekolaj nan yon kolèj oswa inivèsite piblik Massachusetts. Elèv ki kalifye pou bous John and Abigail Adams ([www.doe.mass.edu/scholarships/adams](http://www.doe.mass.edu/scholarships/adams)) pral resevwa avi a otomatikman pandan dènye ane yo. Elèv ki kalifye pou Sètifika metriz Stanley C. Koplik yo ([www.doe.mass.edu/scholarships/mastery](http://www.doe.mass.edu/scholarships/mastery)) dwe aplike pandan dènye ane yo.

Pou elèv ki pa satisfè egzijans MCAS pou gradyasyon yo, gen opòtinite adisyonèl ki disponib gratis pou ede yo prepare pou lavni, tankou pwogram lekòl segondè, pwogram kolèj kominotè, ak pwogram travay e aprantisaj. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou direksyon sa yo ak lòt opsyon nan <https://www.doe.mass.edu/ccte/pathways/hqccp/default.html>.

Si w gen kesyon sou rezilta tèst MCAS pitit ou a, tanpri kontakte konseye pedagogik pitit ou a. Si yo pa kapab reponn kesyon ou, tanpri kontakte nou nan [mcas@mass.gov](mailto:mcas@mass.gov) oswa 781-338-3625.

Ak tout kè mwen,

Russell D. Johnston  
Komisyonè Enterimè Edikasyon Elemantè ak Segondè

Haitian Creole